

BLÒK KONSTRIKSYON 1

Aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a

Konplete etap ki anba yo pou w genyen \$25:

1

Vizite nyckidsrise.org/activate. Defile ekran desann epi klike sou **Aktive Kont**. Apresa klike sou **Kontinye** pou w ouvri Siveyans Epay (Savings Tracker) la (yon pòtay sou entènèt kote paran/responsab legal yo ka wè Kont Bousdetid NYC pitit yo a).



2

Antre enfòmasyon ki annapre yo epi klike sou **Soumèt**:

- **Kòd postal lakay** pitit ou a
- **Dat nesans** pitit ou a
- **Nimewo Idantifikasyon Etidyan** nèf chif pitit ou a*

Idantifikasyon Elèv:

*Pou jwenn nimewo sa a, gade nan kanè eskolè pitit ou a, mande lekòl ou a, oswa konekte w sou Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account) w la nan schoolsaccount.nyc.

3

Antre non w ak adrès imèl ou, epi kreye yon modpas. Li epi aksepte Kondisyon Itilizasyon yo, apresa klike sou **Kreye Pwofil Itilizatè**.

Konpliman paske w konplete Blòk Konstriksyon 1!